



Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MIKWO-PRÈ KI DISPONIB ATRAVÈ FON PRÈ
RENOUVLAB POU TI BIZNIS KI EVALYE A 55.5 MILYON DOA**

***Pwogram elaji akòde atravè Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta Federal la pou bay
prè nan tèm ki pi kout epi adrese aksè kapital inekitab***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi [Fon Prè Renouvlab pou Ti Biznis 2](#) 55.5 milyon dola elaji a disponib pou bay mikwo-prè akoutèm ak prè regilye pou adrese aksè ak kapital inekitab nan konble eka finansman nouvo konpayi yo ap fè fas, kominote ki pa gen ase bank yo ak ti biznis yo. Lifè pati efò [Inisyativ Kredi pou Ti Biznis](#) Eta New York la nan yon sans pi laj ke Empire State Development dirije, pwogram elaji sa a pral ogmante kapital prè finansye pou mennen aktivite ekonomik nan agrandi aksè ak kapital prè akoutèm pou ti biznis, mikwo biznis ak biznis endividyèl ki defavorize sosyalman ak ekonomikman ki te fè fas ak baryè istorik pou jwenn kredi oswa kondisyon prè adekwat. Sa bati sou siksè premye faz Fon Prè Renouvlab pou Ti Biznis yo ki te lanse an 2010 ak 25 milyon dola nan finansman ki te reyalize prèske 280 milyon dola nan prè yo te bay ti biznis yo.

"Katrevendizwit pousan nan biznis New York yo gen mwens pase 100 anplwaye epi yo se yon motè kle nan kwasans ekonomik nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Fon Prè Renouvlab pou Ti Biznis 2 a pral ranfòse ti biznis sa yo, espesyalman antreprenè minoritè ak antreprenè fanm nou yo, epi li pral ede konstwi ekonomi alavn an."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Lè ti biznis nou yo reyisi, kominote nou yo reyisi. Fon Prè Renouvlab pou Ti Biznis 2 a pral sipòte ti biznis nou yo nan bay kapital pou ede biznis yo pwospere, kreye djòb ak devlope ekonomi New York la, kounye a ak pou lavni."

Ti biznis yo ka aplike pou prete atravè yon Enstitisyon Finansye pou Devlopman Kominotè (Community Development Financial Institution, CDFI) k ap patisipe. Pretè pwogram yo sèvi ak kapital ki soti nan pwogram nan ansanm ak kapital kontrepati ak lòt resous pou amelyore plis finansman ki disponib pou ti biznis yo. Itilizasyon tipik fon yo se fon dewoulman, akizisyon ak/oswa amelyorasyon byen imobilye, akizisyon machin ak ekipman, epi nan kèk ka refinansman obligasyon dèt.

Mikwo-prè (prè ant 500 dola ak 25,000 dola); ak prêt regilye (tipikman gwo prêt tankou 250,000 dola oswa plis depann de prêt a) disponib ak kondisyon ki baze sou òf endividyèl chak prêt.

Prèt pwogram yo se pwen kontak prensipal pou moun k ap prete yo, epi yo chak gen pwòp pwosesis aplikasyon prêt pa yo ak pwodwi prêt pa yo. To enterè konpetitif, tèm ak frè yo detèmine pa prêt pwogram endividyèl yo. Prèt yo responsab aplikasyon ak desizyon sou kredi yo.

Prèt k ap patisipe nan pwogram sa a se:

Kòporasyon Devlopman Ekonomik Adirondack (Adirondack Economic Development Corporation): 1,000,000 dola

Zòn Sèvis: Konte Essex, Franklin, Hamilton, Jefferson, Lewis, St. Lawrence, Fulton, Herkimer, Oneida, Oswego, Saratoga, Warren, Washington

BOC Capital Corp.: 2,000,000 dola

Zòn Sèvis: Konte Queens, Kings, Richmond, New York, Bronx, Westchester, Suffolk ak Nassau

Harlem Entrepreneurial Fund: 1,500,000 dola

Zòn Sèvis: Konte Queens, Kings, New York ak Bronx

NYBDC (non komèsyal li s Pursuit Lending): 3,000,000 dola

Zòn Sèvis: Nan tout Eta a – tout konte yo

NYBDC Local Development Corporation (non komèsyal li s Pursuit Lending): 3,000,000 dola

Zòn Sèvis: Nan tout Eta a – tout konte yo

Kòporasyon Devlopman Ekonomik Renaissance (Renaissance Economic Development Corporation): 4,000,000 dola

Zòn Sèvis: Konte Bronx, Kings, New York, Queens, Richmond, Nassau, Suffolk Dutchess, Orange, Putnam, Rockland, Sullivan, Ulster, ak Westchester

Syracuse Cooperative Federal Credit Union (Koperativ Federal pou Kredi nan Syracuse): 500,000 dola

Zòn Sèvis: Konte Cayuga, Cortland, Madison, Onondaga and Oswego

TruFund Financial Services: 3,000,000 dola

Zòn Sèvis: Konte Queens, Kings, Richmond, New York, Bronx, Westchester, Suffolk, Nassau

Washington Heights ak Inwood Development Corporation: 100,000 dola

Zòn Sèvis: Zòn Nò Manhattan ki gen ladan Washington Heights, Inwood, ak Zòn Lwès Bronx nan konte New York ak Bronx

Yo prevwa lòt pretè yo ap enskri pandan otòn 2023 a.

Senatè Eta a, Sean M. Ryan, te deklare, "Biznis lokal yo esansyèl pou siksè ekonomi New York la, kidonk li enpòtan pou nou kenbe yon konsantrasyon konstan sou kreye ak finanse pwogram ki pwodui yon klima ki pi pratik pou moun kap fè biznis isit la. Aksè inegalite ak prè ka fè li souvan difisil pou antreprenè potansyèl yo etabli epi kenbe ti biznis yo. Lè li konble vid sa a, fon sa a pral retire yon gwo baryè pou pwopriyete ti biznis alavni yo, sa k ap kreye nouvo djòb, ak akselere kwasans ekonomik nan tout eta a."

Manm Asanble Harry B. Bronson, te deklare, "Ti biznis yo se poto mitan ekonomi nou an. Jwenn aksè ak finansman pou amelyorasyon, pou anboche ak kenbe anplwaye yo, ak grandi te souvan yon lit. Fon Prè Renouvlab pou Ti Biznis yo ap chanje sa a lè li ofri finansman fleksib pou filyè ti antreprenè nou yo ki ap elaji. Sa pral ede Eta New York devlope yon ekonomi ki pi ekitab, divès ak ki estab kote ti biznis tout kalite ka pwospere sou pwòp kondisyon pa yo."

Konsènan Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta yo

Yo deja atribye plis pase 500 milyon dola nan finansman federal pou sipòte rezijans ti biznis yo atravè Eta New York atravè Inisyativ Kredi pou Ti Biznis Eta yo (State Small Business Credit Initiativ, SSBCI), yon pwogram atravè Lwa Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an. Jere pa Depatman Trezò Ameriken (U.S. Department of Treasury) an, SSBCI bay fon pou sipòte pwogram pou ti biznis yo, ki gen ladan [biznis endividi ki defavorize sosyalman ak ekonomikman \(SEDI\) posede](#) ak biznis ki trè piti (VSB) yo, pou rekipere anba konsekans ekonomik COVID-19 la epi pèmèt yo gen opòtinite pou yo reyisi nan ekonomi apre pandemi an. Avèk finansman sa a, Empire State Development (ESD) devlope yon seri pwogram aksè ak kapital ak ekite pou ede ti biznis Eta New York grandi ak reyisi. Aprann sou pwogram SSBCI sa yo ke Empire State Development te etabli nan esd.ny.gov/ssbci.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)